



**Pwogram Pwoteksyon Salè  
 Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021**

**YON PRÈTÈ KA UTILIZE FÒM SA A SÈLMAN SI PRÈTÈ A TE RESEVWA YON PRÈ PPP \$150,000 OSWA MWENS**

Non Legal Biznis la ("Prètè")		DBA oswa Non Komèsyal, si aplikab	
Adrès biznis	Kòd NAICS	TIN (EIN, SSN, ITIN) Biznis la	Telefòn Biznis
			( ) -
		Premye Kontak	Adrès Imel

Prè PPP Premye Tiraj  Prè PPP Dezyèm Tiraj (tcheke youn)

Nimewo Prè SBA PPP: \_\_\_\_\_ Nimewo Prè PPP Kreditè a: \_\_\_\_\_

Kantite lajan Prè PPP a: \_\_\_\_\_ Dat Dekèsman Prè PPP a: \_\_\_\_\_

Kantite ogmantasyon prè PPP (si li aplikab): \_\_\_\_\_ Dat Ogmantasyon Prè PPP (si sa aplikab): \_\_\_\_\_

Kantite Anplwaye nan Moman Demand pou Prè a: \_\_\_\_\_

Kantite Anplwaye nan Moman Aplikasyon pou Soulajman: \_\_\_\_\_

Peryòd ki kouvri \_\_\_\_\_ rive \_\_\_\_\_

Kantite Lajan Prete ki Depanse nan Depans pewòl: \_\_\_\_\_ Kantite Lajan ki mande pou Padon Prè: \_\_\_\_\_

**Lè ou siyen Anba la, Ou fè Reprèzantasyon ak Sètifikasyon sa ki aprè yo Onon Prètè a:**

Reprezantan Otorize Prètè a sètifye pou tout sak anba yo ak yon inisyal lap mete akote yo chak.

\_\_\_\_\_ Prètè a respekte tout egzijans nan Pwogram Pwoteksyon Salè a Règleman (Seksyon 7(a)(36), (7)(a)(37), ak 7A nan Lwa sou Ti Biznis, règleman final pwovizwa PPP yo, ak direktiv SBA bay yo jiska dat aplikasyon sa a), san bliye règleman ki gen rapò ak:

- itilizasyon ki kalifye nan lajan prè PPP;
- kantite lajan prè PPP ki dwe itilize pou depans pewòl (ki gen ladan depans pwopriyete pou prètè ki te aplike pou prè lè li sèvi avèk Fòm SBA 2483-C oswa 2483-SD-C);
- kalkil la ak dokiman nan rediksyon revni Prètè a (si sa aplikab); ak
- kalkil kantite lajan Padon Prè Prètè a Mande a.

Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan kondisyon sa yo nan Enstriksyon Fòm 3508S ak nan Règleman Pwogram Pwoteksyon Salè yo.

\_\_\_\_\_ Enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a vre e kòrèk nan tout sa ki enpòtan yo. Li klè pou mwen si mwen fè yon fo deklarasyon ak tout konsyans mwen pou m jwenn padon nan yon prè SBA-garanti lalwa, ansanm ak 18 U.S.C. 1001 ak 3571, ki pini zak sa ak anprizonman ki pa plis pase senk lane ak/ oswa yon amann ki rive jiska \$250,000; anba 15 U.S.C. 645 ak anprizonman pa plis pase de zan ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$5,000; epi, si yo soumèt li bay yon enstitisyon ki gen asirans federal, anba 18 U.S.C. 1014 ak anprizonman pa plis pase trant lane ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$1,000,000.

Aprè li fin soumèt aplikasyon padon sa a, Prètè a dwe konsève tout dosye ki nesè pou pwouve konfòmite avèk Règ Pwogram Pwoteksyon Salè pandan kat lane pou dosye travay ak pou twa lane pou tout lòt dosye yo. SBA ka mande enfòmasyon anplis pou li ka evalye elijiblite Prètè a pou prè PPP a ak pou soulajman prè a, epi echèk Prètè a pou l bay enfòmasyon SBA mande yo ka lakòz yo jwenn Prètè a pa elijib pou prè PPP a oswa yo bay yon refi pou aplikasyon pou soulajman prè Prètè a.

Yo pral evalye kalifikasyon Prètè a pou padon prè an akò avèk Règ Pwogram Pwoteksyon Salè a. SBA ka mande yon kreditè pou l pa pwouve aplikasyon pou soulajman prè Prètè a si SBA jwenn Prètè a pat elijib pou prè PPP a.

\_\_\_\_\_  
 Siyati Reprèzantan Otorize Prètè a

\_\_\_\_\_  
 Dat

\_\_\_\_\_  
 Non ak lèt detache

\_\_\_\_\_  
 Tit



**Pwogram Pwoteksyon Salè  
Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021**

**Fòm Enfòmasyon Demografik Pretè PPP a (pa obligatwa)**

**Enstriksyon**

1. **Objektif.** Kolekte enfòmasyon sou veteran/gason oswa fi/etnisite pou rezon repòtaj pwogram lan sèlman.
2. **Deskripsyon.** Fòm sa mande enfòmasyon sou chak Prensipal Pretè a. Ajoute lòt fèy si gen bezwen.
3. **Definisyon Prensipal.** Tèm “Prensipal” la vle di:
  - Pou yon moun kap travay ak tèt li, kontraktè endepandan, oswa yon pwopriyetè inik, moun kap travay ak tèt li a, kontraktè endepandan oswa pwopriyetè inik lan.
  - Pou yon patenarya, tout asosye jeneral yo ak tout asosye limite yo ki posede 20% nan aksyon moun ki prete a, oswa nenpòt asosye ki konsènen nan jesyon biznis Pretè a.
  - Pou yon kòporasyon, tout pwopriyetè 20% oswa plis nan Pretè a, epi chak responsab ak direktè.
  - Pou yon konpayi ak responsablite limite, tout manm ki posede 20% oswa plis nan Pretè a, epi chak responsab ak direktè.
  - Tout moun Pretè a anlwaye pou jere aktivite toulejou Pretè a (“anlwaye kle”).
  - Tout fidisyan (si Pretè a se pou yon fidisi).
  - Pou yon òganizasyon ki pap fè lajan, responsab ak direktè Pretè a.
4. **Non Prensipal la.** Ajoute tout non Prensipal la.
5. **Pozisyon Prensipal la.** Idantifye pozisyon Prensipal la; pa egzanp, moun kap travay ak tèt li; kontraktè endepandan; pwopriyetè inik; asosye jeneral; pwopriyetè; responsab; direktè; manm; oswa anlwaye kle.

Non Prensipal la	Pozisyon Prensipal la
	<b>Chwazi Repons Anba a:</b>
Veteran	<input type="checkbox"/> Pa-Veteran; <input type="checkbox"/> Veteran; <input type="checkbox"/> Veteran ki andikape nan sèvis la; <input type="checkbox"/> Konjwen Veteran; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Gason ou Fi	<input type="checkbox"/> Gason; <input type="checkbox"/> Fi; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Ras (ou ka chwazi plis pase 1)	<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Natif Alaska; <input type="checkbox"/> Azyatik; <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken-Ameriken; <input type="checkbox"/> Natif Awayi oswa Zile Pasifik; <input type="checkbox"/> Blan; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Etnisite	<input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino; <input type="checkbox"/> Pa Ispanik pa Latino; <input type="checkbox"/> Pa Divilge

**Piblikasyon fèt si w vle e sa pap gen okenn enpak sou desizyon soulajman prè a**

**Lwa sou Rediksyon Travay Administrasyon** - Ou pa blije reponn ak ansanm enfòmasyon sa yo sòfsi yo genyen yon Nimewo Kontwol OMB valid pou kounye a. Tan yo evalye pou ranpli aplikasyon an, ak ladann kolekte enfòmasyon, se 15 minit. Kòmantè sou tan sa oswa enfòmasyon yo mande yo dwe ale nan Small Business Administration, Director, Records Management Division, 409 3rd St., SW, Washington DC 20416, ansanm ak/oswa SBA Desk Officer, Office of Management and Budget, New Executive Office Building, Washington DC 20503. TANPRI PA VOYE FOM NAN ADRES SA YO.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021**

**Fòm Aplikasyon 3508S pou Soulajman Prè PPP Enstriksyon pou Pretè**

Annakò avèk enstriksyon ki anba yo epi jan kredite ou a mande sa, ou menm (Pretè lajan an) ka aplike pou padon lè ou **ranpli Fòm SBA 3508S sa a elektwonikman nan Platfòm Pwoteksyon chèk SBA (Platfòm SBA) oswa lè ou ranpli ak soumèt Fòm SBA 3508S sa a (oswa fòm ekivalan) swa elektwonikman oswa sou fòm pape bay kredite ou a** (oswa kredite a ki se sèvis prè ou).

Ou ka aplike pou padon prè Pwogram Pwoteksyon Salè ou (PPP) Premye oswa Dezyèm Tiraj avèk Fòm SBA 3508S sa a sèlman si kantite lajan total prè PPP ou te resevwa nan men kredite ou te \$150,000 oswa mwens pou yon Prè PPP Premye oswa Dezyèm Tiraj endividyèl. Si ou pa kalifye pou itilize fòm sa a, ou dwe aplike pou padon pou prè PPP ou an avèk fòm SBA 3508 oswa 3508EZ (oswa fòm ekivalan kredite a). Chak prè PPP dwe itilize yon fòm aplikasyon padon prè separe. Ou pa kapab itilize yon fòm pou aplike pou tou de padon alafwa yon Prè PPP Premye ak Dezyèm Tiraj.

Fòm SBA 3508S mande mwens kalkil ak mwens dokiman pou pretè ki kalifye. Fòm SBA 3508S pa mande pou pretè montre kalkil yo itilize pou detèmine kantite lajan padon prè yo. Sepandan, SBA ka mande enfòmasyon ak dokiman pou revize kalkil sa yo kòm nan kad pwosesis analiz oswa odit prè li a.

Si aplikasyon sa a te soumèt pou yon Prè PPP Premye Tiraj apwouve nan dat sa oswa anvan 8 Out, 2020 epi Pretè a oblije soumèt yon deklarasyon Fòm SBA 3508D pou yon enterè majorite, deklarasyon sa dwe soumèt bay kredite a pa pita pase 30 jou apre yo fin soumèt aplikasyon padon prè sa a. Gade sou-seksyon B.16 nan règ final pwovizwa SBA afiche nan dat 6 janvyè 2021 (86 FR 3692), jan sa amande.

Si yo remèt aplikasyon pou padon sa a pou yon Dezyèm Tiraj Prè PPP epi ou pa t deja soumèt bay kredite ou dokiman pou sipòte sètifikasyon rediksyon revni an sou aplikasyon prè ou, etap adisyonèl yo ka obligatwa. Y ap asiyen yon Nòt rediksyon revni KOVID (nòt) nan prè PPP ou pou detèmine si ou oblije bay dokiman adisyonèl. kap sipòte sètifikasyon rediksyon revni ou. Si wap aplike pou padon nan platfòm SBA a, ou yo pral otomatikman mande w pou dokiman lè nòt la ki asosye ak prè PPP ou mande pou li. Si wap aplike pou padon a travè kredite ou, Kredite ou pral konseye ou lè nòt la mande pou ou bay dokiman ki sipòte sètifikasyon rediksyon revni ou, si li pa te deja soumèt.

Si kredite ou te mande ou pou ranpli aplikasyon padon sa a elektwonikman nan platfòm SBA a, ou dwe enskri premyeman avèk siksè pou yon kont ak platfòm SBA a. Si Platfòm SBA a pa ka valide idantite ou (si, pa egzanp, te gen yon chanjman pwopri ki pa rapòte), ou pap kapab itilize Platfòm SBA a epi olye de sa ou dwe soumèt aplikasyon pou padon ou dirèkteman bay kredite ou. Si wap soumèt aplikasyon padon ou nan platfòm SBA a ou dwe ranpli tout espas yo mande yo, inisyal tout reprezantasyon ak sètifikasyon, siyen fòm lan, epi, si sa nesèsè, telechaje dokiman rediksyon revni pou konplete soumisyon aplikasyon an nan platfòm SBA a. Ou dwe ranpli, siyen soumèt aplikasyon pou padon an epi fòk Platfòm SBA asepte li pou yo kontinye difere prè ou. Ou pral resevwa yon konfimasyon lè Platfòm SBA a aksepte aplikasyon padon ou an. Si ou pa resevwa yon konfimasyon, prè ou pap sispann difere apati dis mwa apre fen Peryòd Kouvri a, sof si ou soumèt yon aplikasyon pou padon bay kredite ou anvan fen peryòd ranvwa.

Aprè platfòm SBA a aksepte aplikasyon padon ou an, Platfòm SBA a ap avèti kredite ou. Kredite ou a gen 60 jou apati dat avi a pou revize aplikasyon padon ou ak dokiman sipò (si li aplikab) epi bay yon desizyon sou padon bay SBA atravè platfòm SBA a. Lè yo fin pibliye desizyon padon kredite a, SBA gen 90 jou, sijè a nenpòt revizyon sou prè a oswa aplikasyon prè, fè yon vèsman padon bay kredite a, si sa apwopriye. Lè ou soumèt aplikasyon pou padon ou atravè platfòm SBA a (si sa aplikab), wap otorize SBA pataje tout enfòmasyon ak dokiman ou te soumèt ak kredite ou. Si ou te deja soumèt yon aplikasyon padon bay Kredite ou, pa soumèt yon kopi aplikasyon padon atravè menm platfòm SBA a.

**Si wap ranpli aplikasyon pou padon ou a atravè platfòm SBA a, SBA ap ranpli byen anvan sèten espas ak done jan yo note sa anba a sou Fòm elektwonik 3508S ou a ak enfòmasyon ki nan sistèm dosye SBA a Transmisyon Elektwonik (E-TRAN). Si ou pa kapab konfime bay SBA si dosye ou matye ak tout done nan espas deja ranpli yo, ou dwe aplike pou padon pou prè PPP atravè Kredite ou.**

**Si w ap soumèt aplikasyon padon ou atravè Kredite ou, ou dwe ranpli tout espas done yo sou fòm lan. Anplis de sa, si wap ranpli aplikasyon pou padon ou atravè platfòm SBA a, ou dwe ranpli tout espas done ki pa tou ranpli.**

**Non Legal Biznis la (“Pretè”)/DBA oswa Mak Fabrik (Si aplikab)/TIN (EIN, SSN) Biznis la:** Mete menm enfòmasyon yo jan ou fè sou Fòm Aplikasyon Pretè ou (Fòm SBA 2483, Fòm SBA 2483-SD, SBA Fòm 2483-C, SBA Fòm 2483-SD-C oswa ekivalan kredite a). Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Adrès pwofesyonèl/telefòn biznis/Premye kontak/Adrès Imèl:** Rantre menm enfòmasyon yo jan ou fè sa sou Fòm Aplikasyon Pretè a, sofsi gen yon chanjman nan adrès oswa enfòmasyon pou kontakte li. Kòd NAICS ki antre a dwe koresponn ak kòd aktivite biznis yo bay sou deklarasyon taks sou revni IRS ou yo, si sa aplikab. Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a. Si ou te gen yon chanjman nan adrès oswa enfòmasyon kontak, ou pa p kapab sèvi ak platfòm SBA a pou soumèt aplikasyon pou padon ou.

**Prè PPP Premye Tiraj oswa Prè PPP Dezyèm Tiraj:** Chwazi ti kare ki esplike prè PPP aplikasyon pou padon sa a se pou li a.. Si ou gen sèlman yon prè PPP, chwazi Prè Premye Tiraj. Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Nimewo Prè SBA PPP:** Rantre nimewo prè SBA ba ou a nan moman prè a aksepte. Mande Kredite a nimewo a si nesèsè. Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Nimewo Prè PPP Kredite:** Rantre nimewo prè PPP Kredite a ba ou a. Nimewo sa a pa obligatwa si wap itilize platfòm SBA a.



## Pwogram Pwoteksyon Salè Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021

**Kantite lajan Prè PPP a:** Antre montan kapital orijinal prè PPP ki dekese a (kantite total prè ou te resevwa nan men Kredite a). Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Dat Dekesman Prè PPP:** Rantre dat ou te resevwa kantite lajan prè PPP a nan men Kredite a. Si ou te resevwa lajan prè a plizyè fwa, antre premye dat ou te resevwa lajan prè PPP a. Si ou te resevwa yon ogmantasyon otorize sou Premye Tiraj Prè PPP ou a nan dat oswa apre 27 desanm 2020, ou dwe antre dat ou te resevwa premye dekèsman lajan prè PPP ou an. Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Kantite ogmantasyon prè PPP:** Antre kantite lajan yon ogmantasyon otorize yo debouse sou Prè PPP Premye Tiraj ou te resevwa apre 27 desanm 2020 (si sa aplikab). Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Dat Ogmantasyon Prè PPP:** Antre dat ou te resevwa montan ogmantasyon otorize sou Premye Prè PPP ou a nan men kredite a (si sa aplikab). Espas sa a ap deja ranpli si wap itilize platfòm SBA a.

**Prètè lajan dwe ranpli espas ki annapre yo kèlkeswa metòd aplikasyon pou padon prè ki soumèt:**

**Anplwaye nan Moman Aplikasyon pou Prè a:** Rantre kantite total anplwaye (enkli pwopriyetè/patnè) nan moman demand Prè PPP a.

**Anplwaye nan moman Aplikasyon pou Soulajman:** Antre kantite total anplwaye yo (enkli pwopriyetè yo/ patnè yo) nan moman Prètè lajan an ap aplike pou padon prè a.

**Peryòd ki Kouvri:** Peryòd ki Kouvri a kòmanse nan dat prè a te premye dekese a. Li fini nan yon dat Prètè a chwazi ki se omwen 8 semèn apre dat dekesman prè a epi pa plis pase 24 semèn apre dat dekesman prè a. Egzanp, si Prètè a te resevwa lajan prè PPP yo nan lendi 20 avril 2020, premye jou nan Peryòd Kouvri a se lendi, 20 avril 2020 epi dènye jou nan Peryòd Kouvri a se nenpòt ki dat Prètè a chwazi ant dimanch 14 jen 2020 ak dimanch 4 oktòb 2020.

**Kantite Lajan Prete ki Depanse nan Depans pewòl:** An jeneral prètè kalifye pou padon pou depans pewòl yo peye ak depans pewòl ki fèt pandan Peryòd ki Kouvri a. Pou kalkile depans pewòl elijib ki fèt oswa ki peye pandan Peryòd ki Kouvri a fè total Konpansasyon Lajan Kach, Prestasyon Anplwaye, ak Konpansasyon Pwopriyetè, konsa::

Konpansasyon Kach: Adisyon salè anvan taks, tep anvan taks, komisyon anvan taks, konje peye (vakans, konje familyal, medikal oswa maladi, san konte ki gen kouvèti Lwa sou Premye Repons pou Kowonaviris pou Fanmi ki kouvri a), ak alokasyon pou demisyon oswa separasyon ki peye oswa fèt pandan Peryòd Kouvri a. Pa mete salè kalifye yo te konsidere pou detèmine (a) Kredi Retansyon Anplwaye anba seksyon 2301 nan Lwa CARES la, jan sa amande nan seksyon 206 ak 207 nan Lwa 2020 sou Sekirite Sosyal ak Soulajman Taks pou Katastwòf ak Sètitud Kontribiyab; (b) Kredi Retansyon Anplwaye a anba seksyon 3134 nan Kòd Revni Entèn 1986 la, jan lwa sou Lwa 2021 sou Plan Sekou Ameriken an; ak (c) kredi pou katastwòf la anba seksyon 303 nan Lwa 2020 sou sètitud kontribiyab ak soulajman taks pou katastwòf la. Pou chak anplwaye endividyèl, kantite total konpansasyon lajan kach elijib pou soulajman pa dwe depase yon salè \$100.000 pou yon lane, jan yo kalkile oprorata pou Peryòd Kouvri a. Egzanp, pou yon peryòd kouvri 8 semèn, maksimòm lan se \$15,385; pou yon peryòd kouvri 24 semèn, maksimòm lan se \$46.154. Ou ka mete sèlman konpansasyon anplwaye Prètè a te bay travay nan yon moman kèlkonk pandan Peryòd Kouvri a e ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini.

Benefis Anplwaye yo: Kantite lajan total Prètè a peye pou:

1. Kontribisyon anplwayè pou asirans sante anplwaye, tankou kontribisyon travay pou yon plan sante gwoup ki asire tèt li, ki gen sponso travay la, men ki pa gen ladan ankenn kontribisyon anvan taks ni apre taks anplwaye peye. Pa ajoute kontribisyon asirans sante travay la te fè sou non yon moun endepandan, patnè jeneral, oswa pwopriyetè-anplwaye nan yon S-sosyete, paske peman sa yo deja rantrè nan konpansasyon yo. Anplis, pa ajoute Prim ki gen rapò ak pwoteksyon pou kontinye COBRA yo konsidere nan detèmine kredi a anba chak seksyon 6432 nan Kòd Revni Entèn 1986 la.
2. Kontribisyon anplwayè yo pou plan retrèt anplwaye, e ki pa gen ladann kontribisyon anvan taks ni aprè taks anplwaye peye. Pa ajoute kontribisyon pou pran retrèt anplwayè yo te fè sou non yon endepandan endividyèl oswa patnè jeneral, paske peman sa yo deja enkli nan konpansasyon yo.
3. Taks onivo eta ak lokal anplwayè a Prètè a te peye epi evalye sou konpansasyon anplwaye a (pa egzanp, taks asirans chomaj); pa gen ladann okenn taks yo retni sou salè anplwaye a.

Konpansasyon Pwopriyetè: Nenpòt kantite lajan Prètè a peye pwopriyetè (pwopriyetè-anplwaye (ak yon patisipasyon 5% nan kapital la oswa plis), yon travayè endepandan, oswa asosye jeneral). Pou chak pwopriyetè endividyèl o total nan tout biznis, kantite lajan sa plafonnen nan (a) \$20,833 (ekivalan 2.5-mwa nan \$100,000 pou chak ane), oswa (b) ekivalan 2.5-mwa nan konpansasyon aplikab endividyèl nan ane a ki te itilize pou kalkile kantite lajan prè a (2019 oswa 2020), kèlkeswa sa ki pi ba a. Si Prètè a te aplike pou prè a lè li sèvi avèk SBA Fòm 2483-C oswa 2483-SD-C, konpansasyon pwopriyetè gen ladan depans pwopriyetè (depans biznis plis konpansasyon pwopriyetè). Depans pwopriyetè egal diferans ant revni brit Prètè lajan an ak depans pewòl anplwaye yo. Depans pwopriyetè Prètè lajan an ap plafone nan (a) \$20,833 (ekivalan \$100,000 chak ane sou 2,5 mwa), oswa (b) ekivalan revni brit prètè lajan an sou 2,5 mwa nan ane yo te itilize a pou kalkile kantite lajan prè a (2019 oswa 2020), kèlkeswa sa ki pi ba a.



## Pwogram Pwoteksyon Salè Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021

Yo konsidere depans pewòl yo peye nan jou salè distribye oswa jou Pretè a fè yon premye tranzaksyon kredi ACH. Yo konsidere depans pewòl fèt jou anplwaye a travay pou salè li. Depans pewòl ki fèt men yo pa peye pandan dènye peryòd pewòl Pretè a nan Peryòd ki kouvri elijib pou soulajman si yo peye nan dat oswa anvan dat pwochen pewòl nòmal la. Si se pa sa, frè pewòl yo dwe peye pandan Peryòd ki Kouvri a. Konte depans pewòl yo te peye epi yo te fè yon sèl fwa. Ajoute sèlman pewòl depans pou anplwaye ki gen rezidans prensipal li nan peyi Etazini. Pou enfòmasyon sou sa ki kalifye kòm frè pewòl, gade règ final pwovizwa SBA ki afiche nan dat 6 janvyè 2021 (86 FR 3692), jan sa amande nan règ final pwovizwa SBA ki afiche nan 18 mas 2021 (86 FR 15083). Pou enfòmasyon sou sa ki kalifye kòm depans pewòl pou yon pretè lajan ki te aplike pou prè a lè li sèvi avèk SBA Fòm 2483-C oswa 2483-SD-C, gade règ final pwovizwa SBA a sou kalkil kantite lajan prè ak kalifikasyon afiche nan dat 3 mas 2021 (86 FR 13149), jan sa amande nan règ final pwovizwa SBA afiche nan dat 18 Mas 2021 (86 FR 15083).

**Kantite Lajanyo mande pou Padon Prè a:** Antre kantite total prè PPP ou ki kalifye pou padon prè. Kantite lajan sa a se "Lajan Prè ki Depanse nan Pewòl" plis nenpòt kantite lajan ki depanse nan depans elijib ki pa pewòl (detay yo anba a) mwens nenpòt rediksyon obligatwa (detay yo anba a), jiska montan prensipal prè PPP a.

Depans ki pa pewòl: Depans ki pa pewòl ki kalifye gen ladann:

- obligasyon ipotèk ki kouvri: peye enterè ipotèk (ki pa enkli okenn peman anvan oswa peman montan prensipal la) sou ankenn obligasyon ipotèk biznis sou kay oswa byen pèsone l ki fèt anvan 15 fevriye 2020 ("peman interè sou ipotèk biznis");
- obligasyon lwaye ki kouvri: peman lwaye oswa afèmaj biznis dapre kontra lwaye pou kay oswa byen pèsone l an vigè anvan 15 fevriye 2020 (peman lwaye oswa afèmaj biznis");
- peman sèvis piblik ki kouvri: peman biznis pou yon sèvis pou distribisyon elektrisite, gaz, dlo, telefòn, transpò, oswa aksè entènèt pou ki sèvis te kòmanse anvan 15 fevriye 2020 ("peman sèvis piblik pou biznis");
- depans operasyon ki kouvri: peman pou nenpòt sèvis biznis oswa sèvis enfòmasyon nan nyaj oswa lojisyèl biznis ki fasilite operasyon biznis, livrezon pwodwi oswa sèvis, pwosesis la, peman, oswa swivi depans pewòl, resous imen, operasyon lavant ak bòdwo, oswa kontablite swivi apwovizyonman, envantè, dosye, ak depans;
- depans ki kouvri domaj pwopriyete: depans ki gen rapò ak domaj pwopriyete ak kraze brize oswa piyaj akòz latwoublay piblik ki te fèt pandan lane 2020 ki pa te gen kouvèti asirans oswa lòt konpansasyon;
- depans pou founisè ki kouvri: depans ki fèt ak yon founisè machandiz pou apwovizyonman machandiz ki esansyèl pou fonksyonman Pretè a nan moman depans la te fè la, epi te fèt dapre yon kontra, kòmand, oswa kòmand acha efektif anvan konmansman Peryòd ki Kouvri a (pou machandiz ki ka gate, kontra, kòmman oswa kòmand acha ka te anvigè anvan oswa nan nenpòt ki lè pandan Peryòd Kouvri a); ak
- depans pwoteksyon travayè ki kouvri: depans fonksyonman oswa kapital ki fasilite adaptasyon aktivite biznis yon antite pou konfòme li avèk egzijans etabli oswa oryantasyon ki soti nan Depatman Sante ak Sèvis Imen, Sant pou Kontwòl Maladi, oswa Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay, oswa nenpòt egzijans ekivalan etabli oswa oryantasyon yon otorite onivo eta oswa lokal fè soti, pandan peryòd ki kòmanse 1 mas 2020 epi ki fini nan dat Prezidan te deklare ijans nasyonal la e ki gen rapò ak maladi Kowonavirus 2019 (COVID-19) la ekspire an rapò ak nòm antretyen asenisman, distans sosyal, oswa nenpòt lòt kondisyon sekirite travayè kliyan ki gen rapò ak COVID-19, men li pa gen ladann byen pwopriyete rezidansyèl oswa byen ki pa materyèl.

Depans ki pa pewòl e ki elijib pa ka depase 40% montan soulajman total la. Yon depans ki pa pewòl elijib dwe peye pandan Peryòd Kouvri a oswa te fèt pandan Peryòd Kouvri a epi peye nan dat oswa anvan pwochen dat bòdwo nòmal la, menm si dat bòdwo a se apre Peryòd Kouvri a. Konte depans ki pa pewòl ki te alafwa peye epi te fèt yon sèl fwa.

**FTE ak Rediksyon Salè:** Pretè ki te resevwa yon prè PPP ki gen plis pase \$50,000 ak Pretè \$50,000 oswa mwens ki ansanm ak afilye yo te resevwa Prè PPP Premye Tiraj ki totalize \$2 milyon oswa plis oswa Prè PPP Dezyèm Tiraj ki totalize \$2 milyon oswa plis dwe ajiste "Kantite lajan Prè yo mande padon pou li a" akòz kondisyon legal konsènan rediksyon swa nan anplwaye a plentan ekivalan oswa nan salè anplwaye. Yon Pretè konsa pa sijè a okenn rediksyon si Reprezantan Otorize Pretè a ka ateste (1) Pretè a pa te diminye salè ane a oswa salè alè ankenn anplwaye nan plis pase 25 pousan pandan Peryòd Kouvri a konpare ak dènye trimès konplè a anvan Peryòd Kouvri a, epi (2) swa (a) Pretè a pa te redwi kantite anplwaye yo oswa kantite lè mwayen anplwaye ant 1 janvyè 2020 ak fen Peryòd Kouvri a oswa (b) Pretè a pa te kapab fonksyone pandan Peryòd ki Kouvri a nan menm nivo aktivite biznis tankou anvan 15 fevriye 2020, akòz konfòmite avèk kondisyon oswa direktiv Sekretè Sant ak Sèvis Imen, Direktè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi oswa Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay te fikse epi mete deyò ant 1 mas 2020 ak 31 desanm 2020 (oswa, pou yon prè PPP ki te fèt apre 27 desanm 2020, kondisyon etabli oswa konsèy ki soti ant 1 Mas 2020 epi dènye jou Peryòd Kouvri a), pa Sekretè Sante ak Sèvis Imen, Direktè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, oswa Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay, ki gen rapò ak antretyen nan nòm asenisman, distans sosyal, oswa nenpòt lòt travay oswa kondisyon sekirite kliyan ki gen rapò ak COVID-19. Si Pretè a pa satisfè kondisyon sa yo epi li kapab sijè a rediksyon nan Kantite lajan li mande pou padon prè a, Pretè a dwe swiv SBA Fòm 3508 ak enstriksyon li yo pou kalkile kantite lajan li mande pou padon an. Pretè a pa oblije soumèt Fòm 3508 la oswa ni okenn dokiman ki gen rapò ak aplikasyon pou padon an. Sepandan, SBA ka mande enfòmasyon ak dokiman pou analize kalkil sa yo kòm nan kad pwosesis analiz prè lak odit prè li a.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021**

**Responsablite Pretè a:** Pretè a dwe konfòme li avèk tout kondisyon ki nan Règleman Pwogram Pwoteksyon Salè a (Seksyon 7(a)(36), 7(a)(37), ak 7A nan Lwa sou Ti Biznis, règleman final pwovizwa yo, ak direktiv SBA bay nan dat aplikasyon sa a), epi yo dwe ateste konfòmite li sou Aplikasyon Padon pou prè a. Kondisyon gen ladann sak an apre yo:

- Kantite lajan pou padon prè yo mande a (ki pa ka depase lajan prensipal prè PPP a):
  - Pretè a dwe itilize yo pou peye depans biznis ki kalifye pou padon (depans pewòl pou kenbe anplwaye yo, peman enterè ipotèk biznis, lwaye biznis oswa peman kontra-lwaye, peman sèvis piblik biznis, depans operasyon ki kouvri, depans domaj pwopriyete ki kouvri, depans founisè, oswa depans pwoteksyon travayè ki kouvri) pandan Peryòd Kouvri a;
  - dwe gen ladan depans pewòl ki egal a omwen 60% nan kantite lajan yo mande pou padon prè a;
  - pou nenpòt pwopriyete-anplwaye (ki gen yon patisipasyon 5% nan kapital la oswa plis) oswa yon patwon endepandan/asosye jeneral, pa dwe depase valè 2.5 mwa nan konpansasyon ou te resevwa pandan ane a pou kalkile kantite lajan prè PPP, plafonnen nan \$20,833 pou chak moun o total atravè tout biznis yo; ak
  - pou prè ki gen plis pase \$50,000 ak prè \$50,000 oswa mwens bay Pretè ki ansanm ak afilye yo te resevwa Prè PPP Premye Tiraj ki totalize \$2 milyon oswa plis oswa Prè PPP Dezyèm Tiraj PPP ki totalize \$2 milyon oswa plis, dwe ranpli kondisyon swa (A) oswa (B): (A) pa sijè a rediksyon paske Pretè a pa te diminye salè ane yo oswa salè a lè ankenn anplwaye pa plis pase 25 pousan pandan Peryòd Kouvri a konpare ak dènye trimès konplè anvan Peryòd Kouvri a epi swa (1) Pretè a pa te redwi kantite anplwaye yo oswa kantite èdtan mwayen yo peye anplwaye ant 1ye janvye 2020 ak fen Peryòd Kouvri a oswa (2) Pretè a pa te kapab opere pandan Peryòd Kouvri a nan menm nivo aktivite biznis tankou anvan 15 fevriye 2020, akòz konfòmite avèk kondisyon Sekretè Sante ak Sèvis Imen, Direktè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, oswa Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay te fikse oswa bibliye ant 1 mas 2020 ak 31 desanm 2020 (oswa, pou yon prè PPP ki te fèt apre 27 desanm 2020, kondisyon tabli oswa konsèy bibliye ant 1 mas 2020 ak dènye jou Peryòd Kouvri a), ki gen rapò ak antretyen nòm sanitasyon, distans sosyal, oswa nenpòt ki lòt travay oswa kondisyon sekirite kliyan ki gen rapò ak COVID-19, oswa (B) Pretè a mete ladann tout rediksyon obligatwa jan sa detaye nan Fòm 3508 SBA ak enstriksyon li yo.
- Pretè a dwe kalkile avèk presizyon Kantite lajan pou padon prè a epi verifiye peman yo pou depans ki kalifye ki ladan li yo.
- Si yo remèt aplikasyon an pou padon prè pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj, Pretè a dwe soumèt oswa deja soumèt tout dokiman rediksyon revni obligatwa epi itilize tout Prè PPP Premye Tiraj yo sou depans ki kalifye anvan yo debouse Prè PPP Dezyèm Tiraj la.

Si ak tout konesans, lajan yo te itilize pou rezon san otorizasyon, gouvènman federal la ka pouswiv rekiperasyon kantite lajan prè ak/oswa akizasyon fwod sivil oswa kriminel.

**Dokiman Chak Pretè Dwe Kenbe men ki Pa Obligatwa pou Soumèt**

**Pewòl:** Dokiman pou verifiye konpansasyon kach elijib ak peman avantaj ki pa kach elijib nan Peryòd Kouvri a ki gen ladann papye an apre yo:

- a. Eta kont labank oswa rapò founisè sèvis pewòl tyès moun kap jistifye montan konpansasyon kach yo peye anplwaye.
- b. Fòm taks (oswa rapò founisè sèvis pewòl tyès moun ekivalan) pou peryòd yo ki depase ak Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la:
  - i. Deklarasyon taks pewòl oswa ka pral deklare, bay IRS (nòmalmann, Fòm 941) epi
  - ii. Deklarasyon salè anplwaye biznis ak anplwaye endividyèl chak twa mwa ak deklarasyon taks sou asirans chomaj, oswa ki pral deklare, pou eta konsènen an.
- c. Resi vèsman, chèk anile oswa eta kont kap jistifye montan kontribisyon travay la pou asirans sante gwoup, andikap, zye oswa dan ak plan retrèt pou anplwaye Pretè a te rantre nan montan soulajman Prè li Mandè a.

**Ki pa pewòl:** Pou kategori a-c, dokiman kap verifiye egzistans obligasyon/sèvis yo anvan 15 fevriye 2020 ak, pou tout kategori, peman elijib nan Peryòd Kouvri a.

- a. Peman enterè ipotèk biznis lan: Kopi kalandriye amòtisman pretè a ak resi oswa chèk anile kap verifiye peman elijib nan Peryòd Kouvri a; oswa eta kont pretè a soti fevriye 2020 ak mwa Peryòd Kouvri yo jiska yon mwa apre fen Peryòd Kouvri a pou verifiye montan enterè ak peman elijib yo.
- b. Peman lwaye oswa afèmaj biznis: Kopi kontra lwaye nan moman ak resi oswa chèk anile kap verifiye peman elijib nan Peryòd Kouvri a; oswa eta kont pretè a soti fevriye 2020 ak mwa Peryòd Kouvri yo jiska yon mwa apre fen Peryòd Kouvri a pou verifiye montan enterè ak peman elijib yo.
- c. Peman dlo ak elektrisite pou biznis: Kopi fakti soti fevriye 2020 ak sak peye pandan Peryòd Kouvri a ak resi, chèk anile oswa eta kont pou verifiye peman elijib sa yo.
- d. Depans operasyon ki kouvri: Kopi fakti, kòmman oswa rekizisyon acha yo peye pandan Peryòd Kouvri a ak resi, chèk anile oswa eta kont pou verifiye peman elijib sa yo.
- e. Depans pou domaj pwopriyete ki kouvri: Kopi fakti, kòmman oswa kòmman acha yo peye pandan Peryòd Kouvri a ak resi, chèk anile, oswa deklarasyon kont ki verifiye peman kalifye sa yo, ak prè depans yo ki gen rapò ak domaj pwopriyete ak kraze brize oswa piyaj akòz latwoublay piblik ki te fèt pandan lane 2020 ak depans sa yo pa te gen kouvèti asirans oswa lòt konpansasyon.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Padon prè PPP 3508S Revize nan dat 30 Jiyè 2021**

- f. Depans Founisè ki kouvri: Kopi kontra, kòmman, oswa rekizisyon acha efektif nan nenpòt ki lè anvan Peryòd Kouvri a (eksepte pou machandiz ki ka gate), kopi fakti, kòmman, oswa rekizisyon acha yo peye pandan Peryòd ki Kouvri a ak resi, chèk anile, oswa deklarasyon kont pou verifye peman kalifye sa yo.
- g. Depans pwoteksyon travayè ki kouvri: Kopi fakti, kòmmand, oswa rekizisyon acha yo peye pandan Peryòd ki kouvri a ak resi, chèk anile, oswa deklarasyon kont pou verifye peman kalifye sa yo, ak papye ki montre Pretè a te itilize depans yo konfòmman avèk direktiv COVID-19 aplikab yo pandan Peryòd ki Kouvri a.

**Lòt Dosye:** Tout dosye konsènan prè PPP Pretè a, tankou dokiman li bay ak aplikasyon prè PPP li a, dokiman pou sipòte sètifikasyon Pretè a tankou nesosite demann prè a ak elijiblite li pou yon prè PPP, (tankou sètifikasyon bès resèt anvan taks Pretè a pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj, si aplikab), dokiman nesèsè pou sipòte aplikasyon pou soulajman prè Pretè a, ak dokiman ki montre konfòmite Pretè a ak egzijans PPP yo.

**Kondisyon pou kenbe dosye:** Pretè a dwe kenbe tout dosye travay/dokiman pewòl nan dosye li yo pandan kat lane ak tout lòt dokiman pandan twa lane apre dat aplikasyon pou padon prè a soumèt bay kreditè a, epi pèmèt reprezantan otorize nan SBA, ki gen ladan reprezantan ki nan Biwo Enspektè Jeneral li yo. jwenn aksè nan dosye sa yo sou demand. Pretè lajan an dwe bay dokiman san kontrent bay yon kreditè pou satisfè egzijans Federal, Eta, lokal oswa lòt kondisyon legal oswa regilasyon enpòtan oswa an koneksyon avèk yon revizyon prè SBA oswa kontwòl kontab.